



IBINTU VYOSE BIRABA UKWITAHO ABANA B'ABIMUKA MU GIHE BAGISHIKA (CARE FOR NEWCOMER CHILDREN – CNC)

Ikaze! Porogarama yacu yitaho Abana b'Abimuka mu Gihe Bagishika (CNC) yatunganyijwe ku buryo budasanzwe kugira ifate mu mugongo abana bashasha bagishika muri Canada n'imiryango yabo mu gihe baronswa serivisi zirihwa na IRCC. Imvo ituma turi ngaha ni ukugira ngo tubafashe.

Turabizi ko iki gihe kirimo amahinduka menshi kuri wewe no ku muryango wawe. Intumbero yacu nuko umwana wawe yiyumvira ko yahawe ikaze, afise umutekano kandi ko ata kintu kimutambamiye, mu gihe ariko arafatwa mu mugongo mw' iterambere ryiwe no kubaka icizere mu gihe umuryango wiwe uriko uraronswa indaro muri Canada.

**IGIHE UMWANA
YINJIYE MURI
POROGARAMA
YA CNC, ABAYEYI
BATEGEREZWA
KUMUGUMA HAFI
UMWANYA WOSE.**

Nta kintu gihambaye gusumba umutekano w'umwana wawe!

Ntuhagarike umutima umenye neza ko abakozi bacu bafise ubuhinga kandi bamenyereye akazi.

- Abakozi bose bakorewe itohoza ku kahise kabo/ko ata gikorwa c'ubugizi bwa nabi boba barigeze kwagirizwa ko kandi bamenyerejwe gutanga ubutabazi bw'amagara bw'intango.
- Twubahirizwa Ibisabwa na CNC kandi dukorerwa itohoza kugira barabe ko dukwije ibipimo nkenerwa mu biraba amagara n'umutekano.
- Kugira hemerwe ko abana babungabungwa bose kimwe kandi ko agateka kabo kwubahirizwa, turafise amategeko y'ugucungera inyifato. Abakozi bagomba gutsimbataza inyifato mu nzira nziza. Ntibarekuriwe gukubita abana canke kubabwira nabi; ivyo kandi vyama bikurikiranwa canke bikama bicungerwa.
- Abakozi bacu mu mwuga wabo basabwa n'itegeko kumenyesha abarongozi babijewe ahantu hose umwana yahuye n' igikomere canke yirengagijwe.

Isazure mu kwaka ikopi y'amategeko yacu y'ugucungera inyifato canke araba ugufata nabi umwana/araba kwirengagiza kurangura ivyo usabwa igihe woba wipfuzwa kuronka amakuru menshi.

Ni iki utegerezwa kwitega kuri CNC?

Ingene twitaho abana mu mirwi twashizeko muri Canada bitegerezwa kuba bitandukanye n'ingene birangurwa mu bindi bihugu. Nimba ufite ibibazo biraba inyifato, imfungurwa, ururimi, indero canke ibikorwa vya buri muni, nyabuna saba insiguro. Itohoza ryerekana ko abana baronkera inyigisho mu dukino, gutyo abakozi bakora integuro y'inyigisho, ibikorwa vy'ukwiga bifatiye k'ugukina bihuzwa n'ivyo abana bakunda bafiseho inyungu, bihuye n'imyaka yabo, n'ubushobozi bwabo n'imico yabo. Umwana wawe ayaga n'abandi bana kandi agakarisha ubukerebutsi bumutegura kuzotangura ishure.

Ushobora gufasha gute umwana wawe kumenyera porogarama ya CNC?

Ni ibintu bisanzwe ko umwana wawe yumva afise ubwoba bufatiye kuri porogarama ya CNC. Muzokorana n'abakozi kugira igihe c'imfatakibanza gihere ata nkomanzi mugabo, ubwa mbere, umwana wawe arashobora kurira, kukumirako, canke kugaragaza izindi nyifato. Mu kugushikiriza ivyiyumviro vy'ingene ushobora gufasha kugabanya ubwoba bw'umwana wawe, saba ikopi y'igitabu *Ikaze muri CNC: Igitabu Kigaragaza Ingene Umuvyeyi Atandukana n'umwana Intambwe ku Ntambwe.*

Itumanatumanako hagati y'abavyeyi n'abana ni ingirakamaro!

Turaguhimiriza kumenyana n'abakozi ba porogarama ya CNC no guhanahana amakuru araba umwana wawe. Iyo twese dukoreye hamwe, dufata umwana wawe mu mugongo gusumba kandi tukamucungerera umutekano neza.

IBINTU VYOSE BIRABA UKWITAHO ABANA B'ABIMUKA MU GIHE BAGISHIKA (CARE FOR NEWCOMER CHILDREN – CNC)

Menya neza ko wabariye abakozi ibiraba:

- ivyo umwana aziririza n'imfungurwa abujijwe gufungura;
- ingwara umwana wawe afise canke imiti afata (menya ico kwitondera: umuti utangwa gusa iyo amagara ageraniwe kandi ntushobora na rimwe kuwusigira umwana canke ngo uwurekere mw'isaho ryiwe);
- n'ibintu nkenerwa bidasanze canke intambanyi. Bategerezwa gushobora kumufasha!

Ikindi kandi cofasha wobarira abakozi:

- amasaha umwana wawe atora itiro canke afatirako ifunguro;
- ivyo umwana wawe akunda n'imfungurwa zimunezereza;
- amajambo agomba gufasha abakozi kuyaga n'umwana wawe;
- amakuru araba umuryango wawe n'abavukanyi b'umwana (canke ukabashikiriza ifoto y'umuryango);
- n'uburyo budasanze witaho umwana wawe n'ico wipfuzako ko muri programu ya CNC bokora.

Ibindi bintu utegerezwa kwama wibuka:

- Kubera umutekano w'umwana wawe, abavyeyi bonyene banditse muri serivisi nibo bategerezwa gushikana abana no kuza kubatwara.
- Utegerezwa buri gihe gushira umukono ku rupapuro ko umwana ashitse n'yo atashe.
- Kwambika umwana ibiberanye n'ikirere n'ibikorwa bazoba bakora muri porogaramu. Niba hari ibibazo ufise biraba ivyo umwana wawe ategerezwa kwambara, baza abakozi.
- Ni ingirakamaro kwama uzana umwana wawe ata gusiba kugira amenyere kandi yitegure gutonda kw'ishure. Nimba umwana wawe ategerezwa gusiba, bimenyeshe abakozi.
- Nimba umwana wawe agwaye, mugumize muhira kugira atandukiza abandi ingwara. Abana bafise umucanwa canke bacibwamo bategerezwa kurindira amasaha 24 ivyo bimenyetso biheze mbere yo kugaruka kuri porogaramu CNC.

IBINTU VYOSE BIRABA PROGARAMU YACU YA CNC

Izina ry'Umukozi Ujejwe Ukubaho Neza: _____

Caregiver's Name / Nom du dispensateur de soins

Ikirangamwanya ca programu ya CNC : _____

CNC Hours / Heures de garde d'enfant

	Ego Yes / Oui	Oya Non / Non		Ego Yes / Oui	Oya Non / Non
Incanco zitegetswe Immunization required / L'enfant doit avoir été vacciné	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	Muzanire igikinisho gituma yishima Bring a comfort toy / Apportez un jouet réconfortant	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Dutanga imfungurwa zoroshe We provide snacks / Nous fournissons des collations	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	Muzanire impuzu zindi Bring extra clothes / Apportez des vêtements supplémentaires	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Utegerezwa kuzana imfungurwa yo ku murango/imfungurwa zoroshe Bring food for your child's lunch/snack / Apportez le déjeuner/la collation de votre enfant	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	Muzanire ibirato vyo kwambara mu nzu Bring indoor shoes / Apportez des chaussures d'intérieur	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Utegerezwa kuronderera umwana wawe imfungurwa zo ku murango You care for your child at lunch / Vous prenez soin de votre enfant au déjeuner	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	Muzanire ubureta (nimba bukenewe) Bring a blanket (if needed) / Apportez une couverture (si nécessaire)	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Dutegekanya igihe co kuryama We have a naptime / Notre programme prévoit une sieste	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	Muzanire ibitambara vy'isuku (nimba bikenewe) Bring diapers (if needed) / Apportez des couches (si nécessaire)	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>



GUFATA MU MUGONGO IGIKORWA C'UKWITAHU
NO GUHA IKAZE ABIMUKIRA B'ABANA BAKIRI BATOYI

Urondera amakuru yofasha umuvyeyi, ugurura:
www.cmascanada.ca



Care for
Newcomer
Children